



**KONTE PALM BEACH**  
**ÒDONE RETE LAKAY-RETE AN SEKIRITE: AMANNMAN RÈGLEMAN PI AN**  
**SEKIRITE LAKAY**  
**POU ÒDONANS DIJANS NIMEWO 3**  
**KONTE PALM BEACH COVID-19**

**KONSIDERAN**, nan dat 24 mas 2020 Gouvènè Ron DeSantis te pibliye Dekrè Egzekitif 20-83 ki mande Chirijyen Jeneral Eta a ak Ofisye Sante Eta a pou pibliye yon avi sante piblik pou mande moun ki aje yo ak moun ki gen kondisyon medikal grav kache ki mete yo nan pi gwo risk pou gen maladi grav nan COVID-19 la pou rete lakay yo. Kondisyon sa yo gen ladan, men pa limite ak, maladi kwonik nan poumon oswa opresyon modere rive nan grav; kondisyon kadyak grav; sitistasyon iminodeprime, ki gen ladan sila yo ki nan tretman kansè; ak obezite grav; epi

**KONSIDERAN**, Konte Palm Beach ankouraje anpil pou tout moun limite mouvman yo ak rete lakay-rete an sekirite pou minimize pwopagasyon COVID-19 la pou pwoteje moun ki pi vilnerab pami nou yo, pou pwoteje kominote medikal la ak pou pwoteje premye entèvenan yo ki montre efò ewo nan sikonstans difisil sa yo; epi

**KONSIDERAN**, moun ki pi aje yo ak sila yo ki gen kondisyon sante kache yo pi vilnerab epi Konte Palm Beach gen yon gwo kominote granmoun aje ki gen risk trape COVID-19 la nan moun ki nan kominote a ki entèraji avèk manm fanmi yo ak vwazen yo lè yo angaje nan aktivite andeyò lakay yo; epi

**KONSIDERAN**, li enpòtan anpil pou tout rezidan yo kopere ak mete restriksyon sou tout nivo aktivite depasman andeyò kay ak rezidans yo pou kenbe kominote a an sekirite; epi

**KONSIDERAN**, aplikasyon Rete Lakay-Rete An Sekirite: Règleman Pi an Sekirite Lakay la gen posiblite pou sove lavi rezidan yo nan Konte a, manm fanmi yo ak zanmi yo ak lòt moun nan kominote a, epitou pou prezève resous ki ra yo pou pèmèt kominote sante a jwenn tan pou prepare plis tretman ak ekipman pou ralanti pwopagasyon viris COVID-19 la; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 25 mas 2020, Konte Palm Beach te pibliye Òdonans Dijans No. 3 li an ki fèmen tout pak ak teren gòlf yo; epi

**KONSIDERAN**, li nesesè kounye a pou klarifye ke atravè amannman sa a, tout pak piblik ak prive, teren gòlf piblik ak prive, sant gòlf ak pisin kominotè yo nan Konte Palm Beach fèmen. Fèmti sa yo gen ladan, men pa limite ak, pisin kominotè ak piblik, teren gòlf minisipal; teren gòlf ak klèb gòlf prive ki rezève pou manm sèlman; tout pak minisipal; tout pak kominotè prive; tout pak ki nan kominote piblik, prive ki fèmen; teren gòlf ak pak asosyasyon kominotè ak asosyasyon konplèks apatman; teren gòlf, klèb gòlf ak pak asosyasyon pwopriyetè; ak nenpòt lòt teren gòlf, sant gòlf ak pak ki nan Konte Palm Beach ki entegre oswa pa entegre; epi

**KONSIDERAN**, li nesesè tou pou klarifye, atravè amannman sa a, ke tout òdonans minisipal ki ale nan sans kontrè oswa ki gen konfli avèk Òdonans sa a oswa nenpòt lòt òdonans ki te pibliye swa anvan oswa apre Òdonans sa a, pa valid nan mezi ke yo kreye konfli avèk fèmti yo oswa nenpòt lòt direktiv ki nan òdonans Konte Palm Beach lan. Minisipalite yo ka òdone plis fèmti restriktif ke sa Konte a òdone yo; sepandan, minisipalite yo pa gen otorite pou kontredi òdonans ke Konte Palm Beach pibliye yo.

**KOUNYE A, PA KONSEKAN, NOU ÒDONE ISIT LA** dapre Atik II, Seksyon 9-35, kòd Konte Palm Beach la, ak tout lòt lwa ki aplikab yo, ke:

1. Konsideran ki anvan yo enkòpore isit la kòm referans.
2. Òdonans sa a aplike nan tout zòn entegre ak ki pa entegre nan Konte Palm Beach.
3. Apati 25 mas 2020, tout pak piblik ak prive yo nan Konte Palm Beach fèmen. Sa gen ladan, men pa limite ak: tout pak minisipal; tout pak kominotè prive; tout pak nan kominote piblik, prive ak ki fèmen; ak tout pak konte rejyonal ak distri.
4. Apati 25 mas 2020, tout teren gòlf piblik ak prive yo nan Konte Palm Beach fèmen. Sa gen ladan, men pa limite ak: teren gòlf minisipal; teren gòlf ak klèb gòlf prive ki rezève pou manm sèlman; teren gòlf ak pak asosyasyon

kominotè ak asosyasyon konplèks apatman; teren gòlf, klèb gòlf ak pak asosyasyon pwopriyete; ak nenpòt lòt teren gòlf, sant gòlf ak pak ki nan Konte Palm Beach ki entegre oswa pa entegre.

5. Apati 30 mas 2020 nan 12:01 a.m., tout pisin kominotè nan Konte Palm Beach yo fèmen, sa gen ladan pisin kominotè yo ki nan ni Konte Palm Beach entegre ni sa ki pa entegre.
6. Minisipalite yo ka òdone plis fèmte oswa mezi restriktif ki ale nan sans Òdonans sa a men Òdonans sa a dwe gen priyorite sou nenpòt òdonans minisipal ki gen konfli oswa ki kontredi Òdonans sa a oswa nenpòt òdonans Konte Palm Beach te pibliye anvan oswa apre òdonans sa a konsènan repons dijans ak COVID-19 la ke Konte Palm Beach te pibliye.
7. Apati 30 mas 2020 nan 12:01 a.m., moun yo ankouraje anpil pou rete lakay yo oswa nan rezidans yo, sof pou aktivite esansyèl ki anba yo:
  - a. Pou angaje nan aktivite oswa reyalize travay esansyèl pou sante ak sekirite yo oswa sante ak sekirite fanmi oswa manm fanmi yo (ki gen ladan, men pa limite ak sa, bèt) tankou, kòm egzanp sèlman ak san limit, ap chèche sèvis dijans, jwenn founiti medikal oswa medikaman oswa vizite yon pwofesyonèl swen sante;
  - b. Pou jwenn sèvis oswa founiti ki nesèsè pou yo ak fanmi oswa manm fanmi yo (ki gen ladan, men pa limite ak sa, bèt) oswa pou bay sèvis oswa founiti sa yo bay lòt moun, tankou, kòm egzanp sèlman ak san limit, lajan ki sòti nan bank ak enstitisyon finansye ki gen rapò, ki gen ladan boutik plàn, episri ak manje, pwodui konsomasyon nan kay, founiti ki nesèsè pou travay depi lakay ak pwodui ki nesèsè pou kenbe sekirite, ijyèn ak operasyon esansyèl kay ak rezidans yo;

- c. Pou pran swen yon manm fanmi, zanmi oswa bèt nan yon lòt kay epi pou transpòte manm fanmi, zanmi oswa bèt nan aktivite, jan règleman sa a pèmèt sa;
  - d. Pou angaje nan nenpòt egzèsis endividyèl chak jou anplennè ki respekte direktiv distans sosyal CDC a. Moun ki andeyò lakay yo dwe respekte tout kondisyon Dekrè Egzekitif yo ke Gouvènè Eta Florid la pibliye ak tout Dekrè Egzekitif Konte Palm Beach yo epi dwe respekte tout mezi CDC ak Depatman Sante Florid rekòmande konsènan distans sosyal; epi
  - e. Pou angaje nan aktivite minimòm nesèsè pou reyalize Operasyon Debaz Minimòm yo jan sa defini nan Seksyon 3 ak 44 Òdonans Dijans Konte Palm Beach Nimewo 2a (2020-002a) oswa pou angaje nan biznis ki esansyèl oswa sipòte yo (jan sa mansyone nan Seksyon 4 Òdonans Dijans Konte Palm Beach Nimewo 2a (2020-002a) sof si te gen egzanpsyon nan limit yo dapre Amanman Òdonans Dijans Konte Palm Beach Nimewo 1 (2020-001a).
8. Seksyon 7 anwo a pa dwe aplike pou moun ki gen kay oswa rezidans yo ki pa an sekirite oswa ki ka vini pa an sekirite, ki viktim vyolans domestik oswa moun ki sanzabri.
9. Dispozisyon yo nan Òdonans Dijans Konte Palm Beach Nimewo 2a rete anvigè epi Òdonans sa pa modifeye li sof si sa mansyone ladan.
10. Cherif Konte Palm Beach lan ak lòt pèsonèl ki pou fè aplike lalwa yo gen otorizasyon ak lòd pou egzekite Seksyon 3, 4 ak 5 Òdonans sa a epi dwe egzekite tout òdonans dijans COVID-19 Konte Palm Beach yo ki gen ladan, men pa limite ak, Òdonans Dijans 2020-1, 2020-1a, 2020-002, and 2020-002a, ak 2020-003 ak tout amannman anplis ki fèt isit la. Anyen isit la pa dwe mete restriksyon sou otorite Cherif la ak lòt pèsonèl ki pou fè aplike lalwa yo pou egzekite tout òdonans dijans, ki gen ladan amannman yo, ke Konte a te pibliye.

11. Òdonans sa dwe depoze nan biwo Grefye Tribinal Sikwi a epi livre bay medya apwopriye yo pou piblikasyon ak difizyon nan radyo ak televizyon.
12. Òdonans sa a ap rete anvigè jiska ekspirasyon Deklarasyon Dijans Konte Palm Beach lan ak nenpòt pwolongasyon li oswa jiskaske yon lòt òdonans mete fen ladan oswa amande li.
13. Nenpòt dispozisyon nan Òdonans sa a ki gen konfli avèk nenpòt dispozisyon lwa eta oswa federal oswa dispozisyon konstitisyonèl oswa konfli avèk oswa ki gen yon Dekrè Egzekitif Gouvènè oswa Prezidan Etazini ki aktyèl oswa ki pibliye apre ki ranplase yo, ap konsidere kòm pa aplikab epi konsidere kòm separe de Òdonans sa a avèk rès Òdonans lan ki rete entak ak anvigè. Nan mezi aplikasyon kèk oswa tout dispozisyon Òdonans sa a entèdi sou teritwa sovren yon tribi sovren oswa Endyen ke gouvènman federal la oswa eta a rekonèt, aplikasyon sa a ap eskli klèman nan Òdonans lan.

Se volontèman nou kite rès paj sa a vid.

**KONTE PALM BEACH**

Pa: [Siyati]  
Administratè Konte

29 mas 2020  
Dat

**ATESTE  
GREFYE AK KONTWOLÈ**

Pa: \_\_\_\_\_  
Grefye Adjwen

**APWOUVE SELON  
SIFIZANS JIRIDIK**

Pa: [Siyati]  
Pwokirè Konte